



Premsip pou aksepte itilize Entènèt san danje  
Aplikasyon Rezolisyon Depatman an ki date 14 fevriye 2001  
Revize 1ye jiyè 2012

## **PRENSIP POU AKSEPTE ITILIZE ENTÈNÈT SAN DANJE INTERNET ACCEPTABLE USE AND SAFETY POLICY (IAUSP)**

### **Premsip la**

Depatman Edikasyon Vil Nouyòk *New York City Department of Education* (NYCDOE) ("**Department**") bay aksè nan Sistèm Entènèt *Department* an pou anplwaye l yo, reprezantan l yo, elèv li yo, ak volontè l yo, li rele yo tout "**itilizatè**", pou rezon edikatif ak komèsyal dapre lwa aplikab. Premsip sa a pou moun aksepte itilize Entènèt san danje ("**policy**") jere tout aktivite itilizatè k ap itilize ak jwenn aksè nan sistèm Entènèt '*Department*' an, paegzanp lè pou yo jwenn aksè nan imèl *Department* an ak aksè *Department* an bay yo nan Entènèt, epi li aplike pou itilizasyon Sistèm Entènèt *Department* an e lè moun nan lokal *Department* an e lè moun deyò.

"**Sistèm Entènèt Department an**" vle di dispozitif *Department* an ofri, koneksyon nan Entènèt (tankou koneksyon san fil) ke *Department* an ofri, kont imèl *Department* an ofri, entranèt ak tout koneksyon adistans nan sistèm *Department* an. Yon itilizatè sanse gen aksè epi itilize Sistèm Entènèt *Department* an atravè tout aktivite elektwonik li fè nan Sistèm Entènèt *Department* an lè l itilize nenpòt dispozitif (kit dispozitif sa a se oswa pa yon dispozitif *Department* an bay) kèlkeswa kote itilizatè a ye anpèsòn.

"**Dispozitif Department an bay**" vle di tout dispozitif elektwonik ke *Department* an bay, paegzanp, men se pa sèlman sa, konpitè *desktop*, *laptop*, ak dispozitif pou manipile, tankou asistan dijital pèsònèl *personal digital assistants* (PDAs), *smartphones*, *iPads*, *tablets* ak *e-readers*.

Premsip sa a, règleman, premsip ak direktiv *Department* an, [Citywide Standards of Conduct and Uniform Disciplinary Measures](#) ("**Kòd Disiplin**" la) ak lwa aplikab jere fason elèv itilize Sistèm Entènèt *Department* an. Premsip sa a, règleman, premsip ak direktiv *Department* an, règleman sou anplwa *Department* an, akò kolektif pou negosyasyon ak lwa aplikab jere fason anplwaye itilize Sistèm lan.

Lè yon itilizatè itilize Sistèm Entènèt *Department* an, li dakò pou aplike Premsip sa a ak tout règleman, premsip ak direktiv aplikab *Department* an. Tout itilizatè dwe rapòte tout move fason moun itilize rezo a oswa Entènèt oswa tout lè li resevwa dokiman ki vyole Premsip sa a ba yon pwofesè, sipèvizè oswa lòt manm pèsònèl apwopriye *Department* an.

### **Premsip pou aksepte itilize Entènèt san danje**

#### **Jeneralite**

Aksè nan Entènèt ak imèl ke *Department* an ofri fèt pou aktivite edikasyon, enstriksyon, rechèch, ak pou fasilite kominikasyon, kolaborasyon, ak lòt objektif *Department* an ki gen pou wè ak aktivite sa yo. Y ap aplike pou itilizatè yo menm nòm yo atann pou yo genyen nan yon salklas ak/oswa nan yon milye pwofesyonèl travay.

#### **Kontwòl ak Konfidansyalite**

Itilizatè pa gen dwa pou konfidansyalite lè y ap itilize Sistèm Entènèt *Department* an. *Department* an kontwole aktivite itilizatè yo sou entènèt epi li gen dwa pou l gen aksè, modifye, akimile, oswa efase tout dosye oswa dokiman elektwonik. Dokiman elektwonik sa yo kapab nenpòt bagay yo mete nan dispozitif *Department* an ofri, tankou dosye, imèl, *cookies*, ak lis sit wèb itilizatè vizite.

*Department* an gen dwa kominike tout aktivite elektwonik, paegzanp dokiman elektwonik, ba fonksyonè k ap aplike lalwa oswa lòt moun oswa gwoup endepandan, lè l apwopriye dapre lwa aplikab. *Department* an ap koòper

totalman avèk fonksyonè rejyonal, eta, oswa federal nan tout envestigasyon legal konsènan tout aktivite ilegal ki fèt atravè Sistèm Entènèt *Department* an.

### **Lè yo entèdi itilize Sistèm Entènèt *Department* an**

Itilizatè pa ka fè okenn nan aktivite yo entèdi dapre Prensip sa a lè y ap itilize oswa gen aksè nan Sistèm Entènèt *Department* an.

Si yon itilizatè pa sèten si yo entèdi yon ajisman, li dwe kontakte yon pwofesè, sipèvizè oswa lòt manm apwopriye nan pèsonèl *Department* an. *Department* an gen dwa pran dispozisyon touswit konsènan aktivite ki (1) kreye pwoblèm sekirite ak/oswa danje pou *Department* an, elèv, anplwaye, lekòl, rezo oswa resous konpitè, oswa (2) ogmante resous *Department* an onivo materyèl *Department* an detèmine ki pa gen objektif oswa pwogram edikatif oswa (3) *Department* an detèmine ki pa apwopriye.

Pi ba a gen yon lis enkonplè egzanp ajisman yo entèdi :

1. Ajisman ki lakòz nwizans pou lòt moun, domaj nan pwopriyete yo oswa pwopriyete *Department* an, paegzanp :
  - a. Lè yo itilize, afiche oswa distribye mesaj ki gen mo sal, obsenite, menas, oswa mo pou fè abi, nan materyèl yo afiche nan paj wèb *Department* an, oswa nan sit medya sosyal pwofesyonèl ;
  - b. Lè yo gen aksè, itilize, afiche, oswa distribye enfòmasyon oswa materyèl pònografik, oswa obsèn, ankouraje ajisman danjre oswa ilegal, oswa ankouraje vyolans oswa diskriminasyon. Si itilizatè yo jwenn aksè nan enfòmasyon sa yo paaza, yo dwe rapòte touswit yo aksede l paaza yon fason ke lekòl yo ye a oswa divizyon biwo santral yo ye a espesifye ;
  - c. Lè yo jwenn aksè, afiche oswa distribye materyèl pou fè arasman, diskriminasyon, pwovokasyon, oswa pou deklare ayisman, oswa pou fè deklarasyon nwizib oswa fo osijè lòt moun ;
  - d. Lè yo voye, afiche, oswa distribye chèn lèt oswa voye imèl *spam* ;
  - e. Maltrete ekipman, dosye, done konpitè oswa Sistèm Entènèt *Department* an nenpòt jan, paegzanp lè yo pwopaje viris konpitè, detwi done, lojisye oswa ekipman, maltrete oswa dezaktive pwopriyete elektwonik lòt moun, oswa gen kondwit ki ta ka entèfere oswa lakòz twoub nan anviwònman edikatif oswa fonksyonman *Department* an.
  - f. Lè yo itilize Sistèm Entènèt *Department* an yon jan ki entèfere avèk edikasyon itilizatè a oswa lòt moun oswa travay itilizatè a oswa travay lòt moun ;
  - g. Lè yo *download*, afiche, repwoudi oswa distribye mizik, foto, videyo oswa lòt pwodiksyon ki vyole dwadotè aplikab. Yo dwe *download* tout mizik, foto ak/oswa videyo pou *Department* an, men pa pou objektif pèsonèl yo. Si yon pwodiksyon endike espesifikman jan yo ka itilize pwodiksyon sa a, itilizatè a dwe aplike kondisyon yo presize yo. Si itilizatè yo pa sèten si yo ka oswa pa ka itilize yon pwodiksyon, yo dwe mande pèmasyon moun ki gen dwadotè a oswa pwopriyete mak fabrik la ; oswa
  - h. Lè yo triche/kopye. Triche/kopye se lè itilizatè yo pran lide lòt moun oswa bagay lòt moun ekri epi prezante yo kòm si se yo menm ki te gen lide a oswa ki te ekri bagay la.
2. Lè yo antre oswa eseye antre san pèmasyon nan Sistèm Entènèt *Department* an, oswa nan sistèm konpitè nenpòt lòt moun oswa lòt konpayi, tankou :
  - a. Aktivite falsifikasyon, amsonaj oswa pirataj ki difisil pou detekte ;
  - b. Gen entansyon chèche enfòmasyon sou modpas lòt itilizatè ;
  - c. Bay lòt moun modpas yon itilizatè Sistèm Entènèt *Department* an. Men, elèv ka bay paran yo modpas yo itilize nan Sistèm *Department* an.
  - d. Modifye modpas lòt itilizatè ;
  - e. Eseye antre nan kont konpitè yon lòt moun ;

- f. Eseye jwenn aksè nan materyèl ke *Department* an bloke oswa filtre ;
  - g. Gen aksè nan, kopye, modifiye dosye yon lòt itilizatè san otorizasyon ;
  - h. Degize idantite yon itilizatè ;
  - i. Itilize modpas oswa idantifye yon kont ki pa pou itilizatè a ; oswa
  - j. Fè aktivite ki anpeche aksè lòt kont oswa lòt rezo konpitè.
3. Itilize Sistèm Entènèt *Department* an pou aktivite komèsyal, paegzanp :
- a. Itilize Sistèm Entènèt *Department* an pou pwofi finansye pèsonèl :
  - b. Fè aktivite biznis pou pwofi, reklam pèsonèl, oswa lòt kominikasyon pou fè biznis ki pa gen pou wè ak *Department* an.
  - c. Fè aktivite pou ranmase lajan (eksepte jan I tabli nan Règleman Chanselye *Chancellor's Regulations* (CR) A-610) ; oswa
  - d. Itilize Sistèm Entènèt *Department* an onon nenpòt fonksyonè, kandida, lis pwovizwa kandida oswa yon komite oswa ògazinasyon politik.
4. Fè aktivite kriminel oswa ilegal.

### **Filtraj Filtering**

Dapre Lwa pou Pwoteksyon timoun sou Entènèt *Children's Internet Protection Act* ("CIPA"), *Department* an bloke oswa filtre pwogram sou Entènèt ke *Department* an konsidere ki pa apwopriye pou minè. Pòno, materyèl obsèn, ak lòt materyèl ki ka kòz nwizans pou minè. *Department* an ka bloke oswa filtre tou lòt materyèl ki sanse pa apwopriye, ki pa gen yon siyifikasyon edikatif oswa ki pa gen pou wè ak travay li oswa ki poze yon menas pou rezo a. *Department* an ka, si l vle, dezaktive filtraj sa pou kèk itilizatè pou bonjan rechèch oswa lòt objektif edikatif oswa komèsyal.

Itilizatè yo pa ta dwe itilize okenn sit wèb, aplikasyon, oswa metòd pou evite filtraj rezo a oswa pou fè lòt aktivite ilegal.

Pou w jwenn lòt enfòmasyon konsènan CIPA gade *link* pi ba a :

<http://www.fcc.gov/guides/childrens-internet-protection-act>

### **Pwoteksyon Enfòmasyon konfidansyèl ki ka pèmèt idantifye moun**

Dwa Fanmiy pou Respè Vi prive yo ak Dwa yo genyen pou Edikasyon *Family Educational Rights and Privacy Act* ("FERPA") entèdi fonksyonè lekòl *Department* an bay nenpòt lòt moun oswa lòt konpayi enfòmasyon pèsonèl ki pèmèt idantifye ("PII") elèv ak fanmiy yo, ki nan dosye yo san konsantman paran. Sepandan, yo ka aplike plizyè eksepsyon pou lwa jeneral sa a.

Tout itilizatè Sistèm Entènèt *Department* an dwe aplike FERPA ak [CR A-820](#), Konfidansyalite ak Transmisyon Dosye Elèv ; Konsèvasyon Dosye. Si w pa sèten si aktivite a adapte avèk FERPA oswa CR A-820, tanpri kontakte Fonksyonè anchèf ki responsab Sekirite onivo Enfòmasyon *Department* an.

Kominikasyon onivo *Department* avèk yon avoka *Department* an konfidansyèl tou. Kidonk, itilizatè yo pa dwe fè swiv oswa distribye tip kominikasyon sa yo san yo pa tcheke anvan avèk avoka a. Itilizatè yo dwe fè sèten ke yo voye imèl ki genyen oswa ki pote yon dokiman ki gen enfòmasyon konfidansyèl ba moun ki sipoze resevwa l la.

### **Sekirite Elèv sou Entènèt**

1. Responsabilite *Department* an :

- a. *Department* an ap ofri kourikoulòm onivo konpòtman apwopriye sou Entènèt, paegzanp fason pou aji avèk lòt moun sou sit wèb rezo sosyal la epi nan *chat room* yo, ak sansibilizasyon onivo arasman sou entènèt ak fason pou reyaji.
- b. *Department* an ap travay pou pwoteje minè yo ak garanti sekirite yo lè y ap itilize kourye elektwonik, *chat rooms*, ak lòt tip kominikasyon elektwonik dirèk.
- c. Lè l apwopriye, *Department* an ap bay elèv, estaf ak paran pwosedi ak ransèyman pou sekirite elèv lè y ap itilize Entènèt.

2. Elèv k ap itilize Sistèm Entènèt *Department* an.

- a. Elèv pa dwe revele enfòmasyon pèsonèl konsènan vi yo oswa vi lòt moun sou sit sosyal rezo yo, nan *chat rooms*, nan imèl oswa lòt dokiman elektwonik dirèk, oswa tout lòt *forum* sou Entènèt. Paegzanp, elèv pa dwe revele adrès kay yo, oswa nimewo telefòn yo oswa selilè yo. Elèv pa dwe afiche foto yo, oswa foto lòt moun sou Entènèt.
- b. Elèv pa dwe rankontre fasafas okenn moun yo rankontre sèlman sou Entènèt.
- c. Elèv dwe rapòte ba pwofesè yo oswa lòt anplwaye lekòl yo tout mesaj oswa aktivite yo resevwa ki pa apwopriye oswa ki fè yo santi yo pa alèz.
- d. Elèv pa dwe kite konpitè *Department* an konsève modpas yo.

3. Anseyan k ap itilize Sistèm Entènèt *Department* an, paegzanp Medya sosyal pou aktivite klas yo.

- a. Anseyan dwe ranseye elèv vo sou konpòtman apwopriye san danje sou entènèt, paegzanp fason pou aji avèk lòt moun sou sit wèb rezo sosyal yo epi nan *chat room* yo, ak sansibilizasyon onivo arasman sou entènèt ak fason pou yo reyaji. Anseyan yo dwe refere a [Department's Citizenship in the Digital Age guide](#), ak lòt resous edikatif gratis pou sekirite sou entènèt ki disponib sou Entènèt.
- b. Medya sosyal
  - “**Medya sosyal**” vle di tout tip piblikasyon oswa prezans sou Entènèt ki pèmèt kominikasyon entèaktif, tankou, men se pa sèlman sa, rezo sosyal, *blogs*, sit wèb Entènèt, *forum* sou entènèt, ak wikis. Men egzanp medya sosyal, men se pa sèlman sa a, Facebook, Twitter, YouTube, Google+, ak Flickr.
  - Lekòl yo itilize teknoloji pou kominikasyon entèaktif sit wèb sou entènèt pou ranfòse edikasyon ak aprantisaj elèv yo. Yo dwe itilize medya sosyal yo sèlman pou objektif edikatif ki gen pou wè ak lekòl, ki adapte avèk kou ak devwa epi pou fasilite kominikasyon avèk pwofesè ak lòt elèv.
  - *Department* an pèmèt sèlman moun ki nan *Department* an oswa fonksyonè lekòl *Department* an gen aksè nan sit sa yo. Si pou yo bay lòt moun ki pa nan *Department* an oswa lòt fonksyonè lekòl ki pa nan *Department* an aksè nan sit sa yo, lè sa y ap egzije pou paran bay konsantman yo.
  - Anseyan dwe al ranseye yo nan [Social Media Guidelines](#) *Department* an ki nan Prensip sa a, si ap gen medya sosyal nan aktivite sou Entènèt.

4. Paran :

- a. Byenke anjeneral y ap sipèvizè elèv lè y ap itilize Sistèm Entènèt *Department* an lè yo lekòl, li pa pratik pou *Department* an kontwole ak aplike yon pakèt seri valè sosyal onivo fason elèv itilize Entènèt. Paran gen responsablite fè pitit yo konnen seri valè ki espesifik pou fanmiy lan, epi diskite avèk yo sou bagay ki akseptab oswa ki pa akseptab pou yo jwenn aksè atravè Sistèm Entènèt *Department* an.
- b. Se sèl paran ki gen responsablite kontwole fason pitit yo itilize Entènèt lè yo gen aksè nan Sistèm Entènèt *Department* an lakay yo oswa yon lòt lokal lè yo pa lekòl. *Department* an ka itilize oswa ka pa itilize sistèm filtraj li a pou kontwole sa pitit ou ap gade nan Sistèm Entènèt *Department* an lè l lakay li. Paran dwe konsilte avèk lekòl la oswa *Department* an.

### **Vyolasyon Prensip sa a**

*Department* an, paegzanp biwo santral yo ak lekòl yo gen dwa deside pa kite nenpòt itilizatè jwenn aksè nan Sistèm Entènèt *Department* an - paegzanp aksè nan imèl *Department* an - nenpòt lè.

Si yon elèv vyole Prensip sa a, y ap pran mezi disiplinè apwopriye dapre Kòd Disiplin lan ak Règleman Chanselye aplikab yo. Si yo retire aksè yon elèv genyen nan Sistèm Entènèt *Department* an, yo pa kapab pini l onivo akademik, epi *Department* an ap garanti ke elèv la kontinye gen pakèt opòtinite pou patisipe nan pwogram edikatif la.

Y ap pran mezi disiplinè apwopriye pou anplwaye ki vyole Prensip sa a.

Tout itilizatè dwe rapòte ba pwofesè yo, sipèvizè yo oswa *manager* yo tout enfòmasyon yo resevwa ki pa apwopriye oswa ki fè yo santi yo pa alèz.

### **Limitasyon responsablite**

*Department* an pa garanti kalite sèvis li ofri, epi li pa responsab tout reklamasyon, pèt, domaj, frè, oswa lòt obligasyon poutèt moun itilize rezo a oswa kont li a. Tout lòt frè ke itilizatè fè poutèt yo itilize rezo *Department* an, se yo menm ki pou peye yo. *Department* an pa aksepte tou okenn responsablite pou egzaktitid oswa kalite enfòmasyon ke itilizatè a jwenn nan sit la. Tout deklarasyon, ke moun jwenn nan rezo konpitè a oswa nan Entènèt, sanse se pwennvi endividyèl otè a epi se pa pwennvi *Department* an, afilye l yo, oswa anplwaye l yo.

### **Kopi Prensip sa a ak Kesyon**

*Department* an gen dwa amande ak/oswa modifiye Prensip sa a nenpòt lè si l nesèsè. Prensip sa a disponib depi moun mande epitou li sou sit wèb *Department* an nan

<http://schools.nyc.gov/Offices/EnterpriseOperations/DIIT/WebServices/iaup/default.htm#preamble>.

Si w gen kesyon konsènan Règleman sa a, ou dwe kontakte :

NYC Department of Education  
Office of Communications & Media Relations  
52 Chambers Street – Room 314  
New York, NY 10007  
Telefòn: 212-374-5141  
Faks : 212-374-5584